

## Benefis Revni Sekirite Siplemanantè

### Kisa SSI Ye?

SSI vle di Revni Sekirite Siplemanantè (Supplemental Security Income – SSI). Se yon pwogram Sekirite Sosyal dirije. SSI bay ti granmoun, moun ki avèg oswa ki enfim epi ki pa gen anpil lajan ak resous oswa ki pa gen anyen ditou yon chèk chak mwa. Timoun, kou granmoun, ka resevwa benefis paske yo avèg oswa yo enfim. Pou resevwa SSI, ou dwe yon ti granmoun, avèg oswa enfim:

- Yon ti granmoun vle di ou gen 65 an oswa plis.
- Avèg vle di ou pa wè ditou oswa zye ou pa bon ditou.
- Enfim vle di ou gen yon pwoblèm fizik oswa mantal ki ka dire omwens yon lane oswa ki ka touye ou. Biwo Sekirite Sosyal ou an kapab ba ou plis enfòmasyon sou règleman pou granmou ak timoun ki enfim.

Si ou ap resevwa SSI, nòmalmman ou ka resevwa kupon pou manje ak Medicaid tou. Medicaid ede peye bil doktè ak lopital.

### Bagay Ou Posede Ak Revni Ou Genyen

Pou resevwa SSI, bagay ou posede ak revni ou genyen pa dwe depase yon valè yo fikse.

#### Bagay Ou Posede

Nou pa konte tout bagay ou posede lè n ap deside si ou ka resevwa SSI. Pa egzanp, nou pa konte kay ou ak kèk nan zafè pèsònèl ou. Nòmalmman, nou pa konte machin ou. Nou konte:

- lajan likid;
- lajan nan bank, tit, sètifika nan bank Ozetazini;
- pwopriyete;
- asirans vi; ak
- byen pèsònèl.

Li ka posib pou resevwa SSI si bagay nou konte yo depase valè:

- \$2,000 pou yon sèl moun; epi
- \$3,000 pou de moun marye.

### Revni ou Genyen

Revni se lajan ou genyen k ap rantre tankou:

- lajan (lajan ou touche nan travay, lajan ou fè nan biznis pa ou);
- Chèk Sekirite Sosyal;
- pansyon;
- lajan w ap resevwa Si ou fè yon aksidan nan travay ou;
- enterè, dividann, dwa dotè, gen;
- alokasyon chomaj; ak
- kado (sètadi lajan likid).

Revni ka enkli lòt bagay ki pa lajan ou resevwa tankou manje, rad ak lojman. Ou ka genyen yon ti revni epi ou toujou resevwa SSI.

### Lòt Règleman Ou Dwe Konnen

Anvan ou resevwa SSI, ou dwe tou:

- abite Ozetanizi oswa pati Nò zil Mariana yo;
- yon sitizen oswa yon resòtisan Ameriken; oswa
- nan youn nan kategori ki pa sitizen yo men ki kalifye.

Kontakte biwo lokal Sekirite Sosyal ou an pou plis enfòmasyon sou règleman kalifikasyon pou SSI pou moun ki pa sitizen yo. Mande yon kopi fich enfòmasyon ki rele, *SSI For Non-Citizens (SSI pou Moun Ki pa Sitizen)*, (Piblikasyon No. 05-11051).

### Kouman Ou Ka Aplike Pou SSI

Senpleman vizite biwo lokal Sekirite Sosyal ou an. Oswa rele nou nan **1-800-772-1213** pou yon randevou avèk yon reprezantan Sekirite

Sosyal la ki pral ede ou fè yon aplikasyon. Paran oswa gadyen yo ka aplike pou timoun yo ki avèk oswa ki enfim si yo poko gen 18 an. **Si ou bezwen yon entèprèt** pou regle zafè Sekirite Sosyal, nou pral ba ou youn gratis. Rele anvan pou mete yon randevou pou yon moun ki pale menm lang avèk ou ka la pou ede ou.

## Kisa Pou Pote

Anvan ou aplike ou dwe genyen bagay sa yo. Menm si ou pa gen tout sa yo mande la yo, ou ka aplike kanmenm. Moun nan biwo Sekirite Sosyal la ka ede ou jwenn nenpòt sa ou bezwen. Silvouplè pote avèk ou:

- Kat Sekirite Sosyal oswa yon dosye nimewo Sekirite Sosyal ou an;
- Batistè ou oswa lòt prèv laj ou;
- Enfòmasyon konsènan kay kote ou rete a, tankou papye ipotèk oswa papye lwaye ak non mèt kay ou;
- Papye taks oswa fòm W-2, souch chèk travay ou, livrè bankè, papye asirans, plak machin, dosye fon antèman ak lòt enfòmasyon sou revni ansanm ak bagay ou posede;
- Si ou ap aplike paske ou enfim, w ap bezwen non, adrès ak nimewo telefòn doktè, lopital ak klinik ki te konsilte ou; epi
- Prèv ou se sitizen Ameriken oswa kalifikasyon ou kòm moun ki pa sitizen.

Ou dwe pote tou kanè chèk ou oswa lòt papye ki montre nimewo kont bank ou, Kredi Inyon ou oswa enstitisyon finansye ou pou nou ka depoze lajan benefis ou an dirèkteman sou kont ou an. Depo dirèk pwoteje benefis yo kont pèt, vòl oswa delè lapòs. Lajan an toujou rive alè epi li prè pou sèvi avèk li san ou pa bezwen al labank. Sèlman moun ki pa genyen yon kont nan bank ki resevwa chèk.

## Yon Ti Mo Sou Benefis Sekirite Sosyal

Sekirite Sosyal peye benefis retrèt, benefis pou moun ki siviv ak benefis pou enfimite tou pou moun ki te travay ase sou Sekirite Sosyal. Pou plis enfòmasyon konsènan benefis sa yo, mande pou fich enfòmasyon, *Retirement and Survivors Benefits (Benefis pou Retrèt ak Benefis pou Moun ki Siviv yo)* oswa *Disability Benefits (Benefis pou Enfimite)*.

## Pou Plis Enfòmasyon

Tcheke sit entènèt nou an nan [www.ssa.gov](http://www.ssa.gov) pou jwenn repons pou anpil kesyon ou ka genyen epi pou lòt sèvis Sekirite Sosyal ou ka bezwen. Ou ka kòmande **piblikasyon ak fòm**, ou ka itilize **Planifikatè Retrèt ak Benefis (Retirement and Benefits Planners)** sou entènèt, mande pou resevwa **eNews, bilten elektwonik gratis nou an**, epi menm **aplike pou retrèt sou entènèt**. Pifò sèvis entènèt nou yo disponib nan lang Anglè sèlman. Epitou ou ka rele nou gratis nan **1-800-772-1213**. Nou ka reponn kesyon espesifik pa telefòn apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa nan jou ki pa jou konje yo epi bay enfòmasyon pa telefòn otomatize 24 èdtan pa jou. Si ou soud oswa malantandan, ou ka rele nimewo TTY (Teleenprimè) nou an, 1-800-325-0778 ant 7 è dimatan a 7 è diswa nan jou ki pa jou konje yo.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite—ke ou rele nimewo gratis nou yo oswa youn nan biwo lokal nou yo. Epitou nou fè dekwa pou resevwa enfòmasyon egzat epi pou nou bay sèvis avèk koutwazi. Se poutèsa nou genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal ki la pou kontwole apèl telefonik k ap rantre epi k ap sòti.

**Social Security Administration**  
Supplemental Security Income Benefits (Haitian Creole)  
Publication No. 05-10737  
January 2002



Enprime sou papye resikle